



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO AMELYORASYON TRANSPARANS NAN GOUVÈNMAN ETA A

Lanse nouvell epòk responsablite nan gouvènman eta a ak plan transparans nan plis pase 70 ajans egzekitif ak chanjman nan pwosesis FOIL la

Gouvènè Hochul pibliye règleman rekizasyon konplè epi soti dekrè egzekitif ki òdone Fòmasyon sou Etik an dirèk pou tout anplwaye

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo mouvman transparans pou gouvènman Eta a k ap ogmante anpil aksè nan done ak enfòmasyon epi kontinye pwosesis restorasyon konfyans Nouyòkè yo nan gouvènman Eta yo a. Gouvènè Hochul te pibliye nouvo plan transparans nan plis pase 70 ajans egzekitif ak otorite piblik, anonse amelyorasyon nan pwosesis pou ranpli demann Lwa sou Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Law, FOIL), pibliye règleman rekizasyon konplè l ap respekte -- ke yo kwè ki se premye piblikasyon yon Gouvènè New York k ap egzèse - ansanm ak règleman rekizasyon pou Gouvènè Adjwen an ak Sekretè Gouvènè a.

"Depi premye jou a, mwen te angaje pou restore konfyans Nouyòkè yo nan gouvènman yo lè mwen amelyore transparans epi ogmante responsablite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chanjman n ap anonse jodi a mennen nou pi pre pou kreye kalite gouvènman ke Nouyòkè yo merite, epi n ap kontinye apiye pwogrè sa."

Gouvènè Hochul lanse yon sitwèb k ap loje nouvo plan transparans ke ajans Eta yo te bay biwo Gouvènè a resaman. Nan plan sa yo, ajans yo te souliyen fason pou ogmante transparans nan fason pwo-aktif tankou revizyon sitwèb yo, fè tounen ekout nan tout eta a, ogmante aksè nan lang, epi fè pi bon itilizasyon Pwojè Sunlight ak OpenData. Ou ka wè tout plan transparans ajans yo [isit la](#). Biwo Gouvènè a ap travay ak ajans yo pou aplike plan sa yo epi kontinye fè pwomosyon transparans ak responsablite.

Anplis, Gouvènè Hochul te anonse tou gwo amelyorasyon nan pwosesis FOIL, ak objektif pou bay plis dosye piblik yon delè ki pi rapid epi diminye plizyè milye demann FOIL aryere ke Administrasyon Hochul la te erite. Yo p ap mande ajans yo voye repons FOIL yo bay Chanm Egzekitif la pou revizyon ankò, men y ap trete demann FOIL yo dirèkteman pito atravè Konsèy Jeneral ajans yo a. Y ap egzije ajans yo pran mezi imedyat pou idantifye epi pibliye dokiman yo egzije yo ak dokiman ki gen enpòtans piblik yo souvan, pou pati ki enterese yo ka jwenn enfòmasyon ki apwopriye san yo pa

bezwen ranpli yon demann FOIL. Pou apiye travay kontini Administrasyon an pou akselere demann FOIL yo, plan ITS yo ap chèche solisyon teknoloji nan tout eta a ki ka akselere vitès repons FOIL yo. Chanm Egzekitif la ap revize demann ajans yo pou ranpli FOIL yo, bezwen pou kapasite anplwaye ak lojisyèl, fòmasyon pou tout ajans eta yo.

Gouvènè Hochul [te pibliye](#) akò rekizasyon konplè ke l ap respekte pou evite konfli enterè, ansanm ak akò rekizasyon ki anplas pou Gouvènè Adjwen an ak Sekretè Gouvènè a. Nan akò a, Gouvènè Hochul angaje pou refize tèt li nan nenpòt ak tout kesyon ki konsène Delaware North epi angaje pou pa itilize pozisyon li pou benefisye enterè konpayi sa. Dokiman rekizasyon konplè sa yo, ansanm ak sa yo ki lye ak Gouvènè Adjwen an ak Sekretè Gouvènè a, [te pibliye piblikman isit la](#).

Finalman, pou respekte angajman Gouvènè a nan premye jou a pou remanye fòmasyon sou etik ak asèlman seksyèl, Gouvènè Hochul te siyen [Dekrè Egzekitif](#) pou egzije tout anplwaye eta yo pran kou fòmasyon sou etik an dirèk depi y ap anboche, ak yon kou repasaj chak twa zan; y ap egzije anplwaye Chanm Egzekitif yo pran kou ratrapaj la yon fwa chak de zan. Yo te mete anplas ègleman fòmasyon sou etik ki ajou epi elaji sa yo pandan administrasyon anvan yo.

Refòm yo anonse jodi a yo se dènyè efò Gouvènè Hochul pou kòmanse yon nouvell epòk etik ak transparans nan gouvènman Eta a. Nan kòmansman semèn sa, li te revele yon nouvo [inisyativ](#) pou derasine asèlman ak diskriminasyon nan Chanm Egzekitif la ak atravè gouvènman Eta a. Li te ratifye tou [lejislasyon](#) ki egzije pou Otorite Transpò Metwopolitèn nan (Metropolitan Transit Authority, MTA) pibliye done siplemantè epi li mande pou ajans eta yo pibliye dokiman ki enpòtan yo 24 èdtan alavans anvan tout rankont piblik. Gouvènè Hochul te revele tou yon [tablodbò](#) piblik ki santralize pou COVID-19, k ap bay piblik la enfòmasyon sou ka yo, vaksinasyon, ospitalizasyon ak plis toujou.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)